



Jamaica Louise James

Sa te pase nan dènnye sezon ivè , majistra vil la te mete non mwen nan yon plak an nò. Yo mete li nan estasyon **tren souteren (subway)** nan katreven six ak “Main” estrit. Ou ka wè l si ou ale vizite kote sa a.

Istwa sa a kòmanse ak mwen. Mwen genyen yon gwo kaye atis yo ki genyen anpil paj e senk kreyon koulè byen pwenti. Pafwa mwen monte anlè tèt yon bilding kote tout moun ka wè m, e tout sa mwen wè se bagay pou mwen desine.

Lèswa, Mama, Granni ak mwen nou chita sou sofa a e ma p montre yo desen mwen fè yo. Pafwa mwen rakonte istwa, pafwa yo poze m kesyon. Jou ki fè mwen uit ane, jou fèt mwen Mama ak Granni tap danse toutotou kabann mwen e pote yon kado pou mwen. “Ouvri kado a yap di” “Nou pa kapab tann yon minit.” Ou vle konnen sa yo fè? Yo te achte yon je bwat penti toutbon ki genyen uit tib koulè e de bwòs. Yon je penti koute anpil lajan. Yo di kounye a ou pral kapab pentire lemond antye .



Pati istwa sa a ap pale de Granni, ki toujou kite lakay li lè fè nwa pou l al travay. Lè sezon ivè li boure kò l ak anpil rad pou fredri a. Li menn ak Mama anvan yo sòti yo bwè yon bon kafe byen nwa e Granni pran sache manje l pou jounen l. Granni travay nan yon estasyon tren souteren. Tout lajounen moun aliye devan **kabin (token booth)** li. Yo vin achete **jeton** pou yo kapab monte nan tren souteren an.

Kounye a mwen renmen tren souteren yo paske yo kouri vit e ban yo **kolore** an roz fonsè. Men mwen pa renmen estasyon tren an espesyalman 86 ak “Main” estrit. Gen twòp eskalye (senkentsix) epi gen twòp moun ki sanble yo fache lè ou w ap gade ekspresyon visaj yo. Mi yo ansyen e san koulè sou yo.

Leswa lè Granni rantre lakay li, li fè lakouti e rakonte istwa osijè de moun yo, tankou madann ak chapo vèt la, misye ak rozèt wouj la. Mwen nemn sa m ap fè, m ap koute epi m ap desine. Mwen ajoute yon desen nan koleksyon m chak jou.

Lè te rive jou fèt Grammy, Mama ak mwen nou gen yon bèl lide. Nou leve bonè, nou mete rad cho sou nou. Mama kenbe men mwen. Mwen te pè, men mwen gen anpil eksitasyon. Nou ale nan estasyon tren souteren an. Nou mete desen sou tout mi yo. Tout moun nan estasyon an renmen desen yo. Lè Grammy parèt nou tout rele “Sipriz”. Grammy te sezi. Li di m: “Vini isit Jamaica Louise James.” Li kwoke m e bann anpi bo.



Kounye a ou kònn istwa a. Tout moun ap pale de desen yo. Kèk moun ap di “sa se foto m ou pa wè jan li sanble m!” Menn madann chapo vèt la tankou misye ak wozèt wouj la. Grammy pale tout moun de Jamaica Louise James, yon tipitit ki gen 8 an.

Se Mwen menn menn. Ou dwe kwè m!



Granni and Mama



Sipriz



Bòn Fèt

Aktivite

Mwen konprann tèsk la

1. Ki bò Jamaica chita pafwa pou li desine?
2. Kisa ki fè ou konnen Jamaica ap viv nan yon gwo vil?
3. Kisa ki di ou Jamaica renmen kote la p viv la?
4. Poukisa Jamaica renmen tren souteren (subway)?
5. Poukisa ou panse figi granmoun yo mare nan tren souterenan? (subway)
6. Poukisa ou panse Mama ak Jamaica leve bonè?
7. Poukisa Jamaica te gen tout eksitasyon sa a?
8. Poukisa Granni te sezi?
9. Kijan otè a montre w Granni te sipriz?
10. Kijan ou panse Jamaica santi l lè moun nan tren souteren ap gade desen li yo?

Ann nou reflechi sou tèsk la

1. Ki lè Jamaica premye panse a gwo ide sa a?
2. Eske ou ta renmen zanmi Jamaica? Poukisa? oubyen poukisa ou pa ta renmen zanmi l?
3. Poukisa moun nan tren souteren a ri, e ap pale de Jamaica?
4. Kijan ou panse Granni apresye ide Jamaica a?
5. Nan kijan Granmè Jamaica ak Granmè tigason Chinatown nan gen resanblans/ diferans youn ak lòt?

Skill focus: Comprehension

Make Inferences: Tell children that they can understand more about story characters if they look for clues in what the characters do and say. Students should also think about their own personal experiences. Then they can figure out what a character is like.

Skill Focus: Grammar

Nouns that change spelling in plural in English. This chapter talk about identifying nouns that end in **-es**.

One	More than One
Wish	Wishes
Watch	Watches
Story	Stories
Woman	Women
child	children

- **Make difference that in Haitian-Creole you use yo after the noun example:**

yon	plizè
Swè	Swè yo
Mont	Mont yo
Istwa	Istwa yo
Fi	Fi yo
timoun	Timoun yo

Problem solving:

Demonstrate for students examples of feelings. After each example, ask children to tell what feeling is expressed and what clues helped them figure it out. You might try the following.

Baye epi di: Mwen pa dòmi yèreswa (fatige).

Kenbe vant ou epi di: Mwen pra l fè yon ti kouche (malad).

Metè men ou sou anch ou epi di: ou lage lakòl la sou jakèt mwen an (fache)

Explain to students that when they use story clues and their knowledge to explain to understand something that isn't directly stated, they are making inferences.

1. Have students make inferences about Jamaica Louise James.
2. Ask students to review the story and tell things that Jamaica does or says.
3. Have students use those clues and what they know from their experiences to make inferences about Jamaica is like.
4. Record student's observations in a similar chart:

Sa Jamaica fè epi di	Kisa Jamaica renmen

Skill Focus: Writing

- Use clues from the story and their knowledge to make inferences.
- Complete a chart about story clues and inferences.

Write a story

Granni pale de moun ki nan tren souteren an, tankou madanm ki mete chapo vèt la. Anvan ou kòmanse ekri:

- a. panse a yon moun nan estasyon an; sa li dwe ap fè kounye a.
- b. Ba li yon non.
- c. Fè yon list mo ki dekri moun sa a.